

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapsre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapsre règleman MassHealth e direktif règlemantè yo.

ENFÒMASYON SUIVI KI KONSÈNE Apèl timestriyèl manm CCM epi fanmi CCM yo : 6 e 15 out 2024

AJANDA

Sijè	A ki lè
Mizajou nan tout amelyorasyon nan livrezon sèvis CSN yo.	8/6 : 12 – 12:30 p.m. 8/15 : 5:00 – 5:30 p.m.
kòmantè manm CCM e fanmi CCM	8/6 : 12:30 – 1:30 p.m. 8/15 : 5:30 – 6:30 p.m.

Kòmantè manm CCM epi fanmi CCM e suivi

- 1. LTSS mande manm CCM e fanmi yo si li t ap itil pou enfimye(è) mete nan pwofil yo ki nan anyè enfimye(è) CCM lan si yo dakò pou yo travay yon orè jounalye pase pou yo gen orè ki pwograme òdinèman (tankou chak semèn).**
 - a. Respons manm CCM e fanmi yo :**
 - i. Fanmi yo di tout enfòmasyon ki ka nan anyè a itil, kidonk li ta itil pou mete yon opsyon pou enfimye(è) travay pou yon orè jounalye.
 - ii. Yon lòt fanmi di kèk fanmi ka pa vle enfimye(è) ki pa gen orè regilye poutèt tan y ap bezwen pou bay yon novo enfimye(è) direktiv e fòmasyon nan estati yon pasyan : sepandan sa depann de preferans chak fanmi.
 - iii. Fanmi CCM yo mande kòman kouvèti pa jou ta reprezante nan otorizasyon alavans.
 1. **Respons OLTSS la :** CCM ap travay avèk enfimye(è) a e avèk fanmi a pou wè kòman pou pi byen ajoute èdtan sou yon otorizasyon alavans, e otorizasyon alavans gendwa gen ajisteman pou sizoka ta gen chanjman avèk letan.
 - iv. Fanmi CCM yo mande si enfimye(è) ki travay pa jou ta admisib pou ranbousman pou fòmasyon.
 1. **Respons OLTSS la :** Wi, enfimye(è) ki travay pa jou ta admisib pou yo faktire pou 8 èdtan fòmasyon lè enfimye(è) a kòmanse travay pou yon novo manm.
- 2. OLTSS mande manm e CCM yo pou yo pataje opinyon sou efò ki fèt nan komunikasyon**
 - a. Respons manm CCM e fanmi yo :**
 - i. Fanmi CCM poze kesyon sou resevwa toude imèl e mesaj tèks epi kòman pou chwazi yon sèl mezi komunikasyon.
 1. **Respons OLTSS la :** Manm e fanmi CCM yo dwe enskri pou yo resevwa mesaj tèks. Si yon manm oubyen yon fanmi ta vle pou yo pa resevwa mesaj tèks ankò, se pou tanpri kite manadjè klinik CCM lan konn sa. Poko gen yon jan pou dezenskri pou pa resevwa imèl mizajou nan men OLTSS/CCM. OLTSS pa rekòmande pou fanmi ranplase imèl avèk mesaj tèks poutèt gen plis enfòmasyon ki pataje nan imèl e kidonk l ap posib pou manke wè enfòmasyon ki enpòtan.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapsre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapsre règleman MassHealth e direktif règlemantè yo.

3. Fanmi CCM yo poze kesyon e pataje opinyon yo sou 1^{re} out. Ogmantasyon 2024 nan tarif CSN

- a. Fanmi CCM yo di sa enkyete yo lè ajans yo ofri enfimye(è) yo differan tarif peman apre ogmantasyon nan tarif CSN lan e fanmi yo mande si MassHealth ap kontwole kisa ajans yo ap fè nan sa ki konsène ogmantasyon nan tarif la.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth ankouraje ajans yo kominike ogmantasyon nan tarif yo an dirèk bay enfimye(è) yo poutèt objektif ogmantasyon nan tarif yo se te pou ede rezoud pwoblèm nan mendèv la. MassHealth dènyèman ajoute tou egzijans nan rapò anyèl sou ekip ajans CSN yo, ki gen ladan fè rapò sou done revni brit enfimye(è) ajans lan. Chak lane, ajans yo dwe pou yo soumèt nouvo rapò sa a bay MassHealth. MassHealth gen limit sou sa ki konsène kòman nou ka egzije ajans yo itilize tarif nou yo poutèt MassHealth pa gen yon transfè salè pou sèvis CSN yo ; sepandan, MassHealth kominike tou plizyè fwa bay ajans yo ogmantasyon tarif sa yo se pou soutni yon pi gwo salè pou enfimye(è) yo.
- b. Fanmi CCM yo mande MassHealth reflechi sou yon repèkisyon salè a mam tarif alavni yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth ap gen yon konvèsasyon entèn sou sa.
- c. Fanmi CCM yo mande si MassHealth mete ajans nan konvèsasyon sou definisyon gwo akuite, pou konsidere nan lavni posiblite pou gen yon tarif amelyore pou manm ki gen gwo akuite
 - i. **Respons OLTSS la :** Rapò sou pèsonèl MassHealth yo pral rammase nan men ajans CSN yo ap gen ladan kesyon sou si epi kòman ajans yo aplike bon ogmantasyon pou ka manm yo.
- d. Fanmi CCM yo mande MassHealth pou l rekonsidere yon bon tarif.
 - i. **Respons OLTSS la :** Baze sou preyokipasyon ki te diskite nan odyans piblik la, mizajou nan règlemantasyon tarif CSN yo pa gen ladan premye gwo ogmantasyon tarif gwo teknoloji ki te pwopoze a. MassHealth te gen anpil preyokipasyon sou sa ki konsène ajoutman nan tarif gwo teknoloji a jan li te pwopoze okòmansman ta ka fè enfimye(è) yo kite kèk manm pou yo al jwenn lòt, sa ki ta fè yon chanjman enfimye(è) nan popilasyon CCM lan.

MassHealth te reflechi pou gen yon amelyorasyon tarif gwo akuite ; sepandan, li pa t posib pou gen yon antant sou kritè klè pou gen yon ogmantasyon nan tarif yo pou gwo akuite. Anplis, yon 2^{yèm} odyans piblik ta nesesè pou resevwa kòmantè piblik la sou yon ogmantasyon tarif gwo akuite. Pou evite mete reta nan ogmantasyon tarif pou tout RN e LPN, MassHealth mete devan pou l finalize pati nan règleman an ki resevwa yon soutyen enpòtan.

MassHealth gendwa konsidere ajoute yon gwo ogmantasyon oubyen lòt kalite pi bon tarif pi devan, avèk kontribisyon aksyonè ki gen ladan manm e fanmi CCM yo.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapsre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapsre règleman MassHealth e direktif règlemantè yo.

- e. Fanmi CCM yo poze kesyon pou si gen diferans nan tarif ranbousman ant enfimye(è) endepandan e ajans yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** Tarif ranbousman ajans yo pi wo pase tarif ranbousman enfimye(è) endepandan yo pou sa ki konsène frè jeneral ajans lan ; tarif ranbousman enfimye(è) endepandan yo konsidere tou frè administratif enfimye(è) endepandan genyen.
- 4. **Fanmi CCM yo poze kesyon sou egzijans nan rapò anyèl sou ekip ajans CSN lan**
 - a. Fanmi CCM yo poze kesyon sou si MassHealth egzamine frè jeneral ajans lan parapò ak salè enfimye(è) yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** Ajans CSN yo dwe soumèt rapò anyèl sou frè bay MassHealth ki gen ladan yon eksplikasyon sou frè jeneral yo.
 - b. Fanmi CCM yo mande si ekip ajans yo e rapò sou revni ap kontwole kantite enfimye(è) yon ajans anplwaye nan kòmansman lane a e nan fen lane a.
 - i. **Respons OLTSS la :** Nou ranmase done sou rekritman e sa ki rete travay pandan tout ane pase a e n ap toujou kontinye fè sa.
- 5. **Fanmi CCM yo poze kesyon sou fòmasyon CSN e tan ki konsakre nan dokimantasyon CSN yo**
 - a. Fanmi yo mande si tarif ranbousman pou peryòd fòmasyon an ap menm ak tarif òdinè pou ranbousman CSN yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** Aktyèlman, MassHealth an mezi pou l ranbouse tan fòmasyon CSN yo nan tarif ki koresponn ak tarif CSN lajounen, nan wiken, e nan jou ferye. Malerezman, MassHealth aprann tou dènyèman sistèm faktirasyon nou an pa ka peye pou fòmasyon CSN yo nan menm nivo tarif ke CSN ranbouse lannuit. MassHealth ap travay pou rezoud pwoblèm sa a depi mizajou a fèt nan sistèm lan pou pèmèt sa ; antretan, ajans CSN e enfimye(è) endepandan pa ka ranbouse nan menm tarif lannuit pou fòmasyon CSN ki fèt ant 3 p.m. e 7 a.m.
 - b. Fanmi mande si uit èdtan fòmasyon gendwa separe ant tout enfimye(è) k ap travay avèk yon manm.
 - i. **Respons OLTSS la :** È fòmasyon CSN yo depann de enfimye(è) a e manm lan. Lè yon enfimye(è) kòmanse travay avèk yon nouvo manm pou premye fwa, MassHealth ap ranbouse yon maksimòm 8 èdtan fòmasyon CSN pou enfimye(è) sa a. Si gen plizyè enfimye(è) k ap travay avèk yon manm pou premye fwa, chak enfimye(è) admisib pou l faktire yon maksimòm 8 èdtan pou fòmasyon. Si yon enfimye(è) kòmanse travay avèk plis pase yon manm pou premye fwa, enfimye(è) sa a ap admisib pou l faktire 8 èdtan fòmasyon pou chak nouvo manm l ap travay avè l la.
- 6. **Fanmi CCM yo poze kesyon sou faktirasyon e politik pou enfimye(è) endepandan**
 - a. Fanmi CCM yo mande sou enfimye(è) endepandan ki te pataje enkyetman bay fanmi sou reklamasyon CSN ki sispannan de dènye semèn yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth te mete tou dènyèman demann ranbousman detektif pou IN yo. Demann deteksyon pa nouvo egzijans nan faktirasyon ; deteksyon yo asire IN yo konfòm ak tout règlemantasyon ki an

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapsre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapsre règleman MassHealth e direktif règlemantè yo.

vigè. Nan dènye semèn yo, komunikasyon te voye bay IN yo pou enfòme yo si youn nan reklamasyon yo fè kontredi ak deteksyon sou reklamasyon yo, l ap sispandi pandan yon revizyon manyèl ap fèt. Apre chak reklamasyon fin revize, l ap make swa pou peye oswa refize. Si yon reklamasyon refize, enfimye(è) a ap gen opòtinite pou l resoumèt reklamasyon li an.

- b.** Fanmi CCM yo mande si l te posib pou senplifye dosye enfimye(è) endepandan yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth pa gen kounyela yon sistèm pou kenbe dosye elektwonik enfimye(è) endepandan. MassHealth ka kontinye pale sou sa ; sepandan, mizannèv yon sistèm dosye elektwonik pou founisè CSN ta nesesite yon gwo envestisman finansyè.
 - Fanmi CCM yo mande ki lòt mwayen pou abòde rejis IN yo, tèlke egzije siyati paran nan nòt yo, mete kopi nòt yo disponib pou fanmi, oubyen egzije pou gen fèy sou peryòd tan travay.
 - a. **Respons OLTSS la :** MassHealth te fè yon fòmasyon sou dokimantasyon pou IN yo nan sezon prentan ki sot pase a pou revize egzijans sou dokimantasyon pou IN yo e modèl MassHealth fè, tankou modèl dokiman pou fè yon plan swen e anrejistre nòt enfimye(è) sou pwogrè. MassHealth te anvizaje egzije fèy pou mete peryòd tan travay pou IN yo ; sepandan nou resevwa kòmantè varye nan men fanmi yo sou si l ta p itil oubyen pi difisil pou fanmi yo. Daprè kòmantè sa yo, MassHealth pa chèche fè mizanplas fèy pou peryòd tan travay pou founisè IN yo. Règleman MassHealth yo egzije pou tout founisè, sa gen ladan ajans e IN, toujou gen yon kopi dosye medikal manm lan lakay manm la, e se pou l gen ladan nòt sou peryòd tan travay. MassHealth ensiste sou egzijans sa a pandan tout fòmasyon avèk founisè IN yo.

- c. Fanmi CCM yo mande si se MassHealth ki anplwaye enfimye(è) endepandan yo
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth pa angaje enfimye(è) endepandan, yo travay kòm antreprenè endepandan.

7. Fanmi CCM yo poze kesyon sou Pwogram edan swen konplèks (Complex Care Assistant, CCA)

- a. Fanmi CCM yo mande si y ap peye yo pou plis pase 40 è sèvis CCA pa semèn lè ajans ki angaje yo sèlman prevwa fanmi a pou 40 è.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth pa ofri aktyèlman ranbousman pou è siplémentè pou sèvis CCA yo, se ka poutèt sa yon ajans p ap pwogramme pou yon CCA travay plis pase 40 è nan yon semèn. Manm CCM yo gendwa gen plis pase yon founisè sèvis CCA, ki se yon jan pou è siplémentè sa yo itilize. CCA yo ka travay tou pou plis pase yon ajans e ka pataje è travay ant ajans yo si yo pito sa. [Paj wèb manm CCM lan nan mass.gov](#) gen yon lis ajans ki founi sèvis CCA e manadjè klinik CCM ka pale avèk fanmi yo tou sou ajans ki founi sèvis CCA nan katye pa yo a.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje dapre diskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli dapre règleman MassHealth e direktif règlemantè yo.

- b. Fanmi CCM yo mande si ajans yo gen dwa refize angaje yon fanmi kòm CCA amwenske fanmi an resevwa sèvis CSN yo nan men menm ajans lan.**
 - i. Respons OLTSS la :** Sa se desizyon chak ajans. MassHealth pèmèt pou yon enfimye(è) CSN travay avèk yon fanmi pou founi sipèvizon bay CCA a, ki fè li pi fasil pou ajans lan gen pèsonèl CCA. Si poko gen yon enfimye(è) CSN k ap travay avèk yon fanmi, kèk ajans gendwa pa gen ase pèsonèl enfimye(è) pou founi CCA a sipèvizon. Si yon fanmi te gen eksperyans sa a avèk yon ajans, MassHealth rekòmande pou fanmi yo konekte avèk manadjè klinik CCM pa yo a pou pale sou diferan opsyon, tèlke lòt ajans oubyen lòt sèvis.
 - c. Fanmi CCM yo mande si MassHealth pral founi ogmantasyon nan tarif ranbousman CCA yo pi devan.**
 - i. Respons OLTSS la :** MassHealth fè chak de lane yon revizyon tarif pou ajans CSN yo e tarif enfimye(è) endepandan, ki gen ladan tou yon revizyon tarif CSN yo e tarif CCA yo.
- 8. Fanmi CCM yo poze kesyon sou repètwa enfimye(è) CCM lan**
- a. Fanmi CCM yo mande si gen yon kote pou make chanjman nan disponiblite nan pòs yo nan pwofil anyè enfime(è) a.**
 - i. Respons OLTSS la :** Pwofil nan anyè enfimye(è) a ka swa aktif oswa inaktif ; kifè si yon fanmi pa p chèche ankò pou è swen enfimye(è), li ka fè pwofil li a inaktif. Si fanmi a ta vle chèche è swen enfimye(è) ankò, pwofil li ka reyactive e enfòmasyon yo ka mete ajou. CCM ka ede manm epi fanmi avèk pwosesis sa a depi l nesesè.
- 9. CCM fanmi yo poze kesyon sou benefis anplwaye a e politik pou fanmi k ap travay kòm edan nan swen konplèks.**
- a. Respons OLTSS la :** Pou kesyon sou benefis anplwaye e politik konpayi a, MassHealth rekòmande pou edan nan swen konplèks yo pale avèk ajans ki angaje yo.